Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет



Гумбет районалъул газета

№ 38 (6874) | 2 октябрь 2023 с. | Итни | РабигIул аввал 1444 с. | Багьа - эркенаб

**БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ**

## Гъалип Гъалипов: «Налогал – районалъул лъагIалил хайир»

### Анкьил хIасилал гьаруна

**2023-абилеб соналъул 26-абилеб сентябралда Бакълъул районалъул администрациялда муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда «БакIалъулаб байбихьи» программа нухдаинабиялъул, налогал ракIариялъул, росабазул гIорхъи чIезабиялъул ва гь. ц. суалал рорхараб данделъи тIобитIана.**



Иргадулаб дандеруссин байбихьана араб анкьалъул хIасилал гьариялдасан. Идарабазул вакилзабаз бицана жидеца тIурарал масъалабазул ва гьаризе планалда ругел хIалтIабазул.

Районалъул нухмалъев Гъалип Гъалиповас баян гьабуна «БакIалъулаб байбихьи» абураб ва цогидал проектал муниципалитеталда нухдаинарулел рукIиналъул. Гьесул рагIабазда рекъон, нухал, жамгIияталъе чара гьечIого хIажатал цоги бакIал къачIазе квербакъулел проектал гIумруялде рахъинариялде киназго кIвар кьезе ккола.

«Гьединго кIвар кьезе кколеб суал буго налогал ракIариялъул хIасилал лъикIлъизари, даран-базаралъул бакIал налоговияб учеталда лъей. Налогал – муниципалитеталъул лъагIалил хайир. Налогал кьеялда хурхараб налъи тIагIинаби – бакълъулазул гIумру цебетIей», – ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Тадбиралъул ахиралда рорхарал суалазда тIасан муниципалитеталъул бетIерас тIадкъаял кьуна ва тIуразе хIажатал цогидал масъалаби рехсана.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

**КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ**

## Дзюдоялъул рахъалъ къецал рагьиялъулъ гIахьаллъана

**Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас гIахьаллъи гьабуна Дагъисланалъул дзюдоялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе гIоло тIоритIарал къецал рагьиялъулъ. Тадбир тIобитIана Хасавюрт шагьаралда ХIамид ХIамидовасул цIаралда бугеб спорталъулаб кIалгIаялда.**



Спортивиял къецал рагьиялъул тадбиралда гьединго кIалъазе вахъана ДРялъул дзюдоялъул Федерациялъул вице-президент, сахаватчи, Килалъ росулъа МухIамад Загьидов, Хасавюрт шагьаралъул администрациялъул бетIерасул заместитель Арсен МуртазагIалиев ва цогидал.

ГIолохъанал спортсменазе гьез гьарана щулияб сахлъигун халатаб гIумру, къецазулъ лъикIал хIасилал ва кинабго лъикIабщинаб.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

**БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ**

## КучIдузулгун гьудуллъи щулаго ккурай

### Асият МухIамадрасуловагун дандчIвана районалъул нухмалъулев

**Гъоркь Инхо росдал гьоркьохъеб школалъул 11-леб классалъул цIалдохъан, пасихIго кучIдул цIалиялъул къецалъулъ бергьарай Асият МухIамадрасуловагун дандчIвана бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалипов.**



Дандеруссиналда гьединго гIахьаллъи гьабуна цIалдохъаналъул эбел Раисат МухIамадсагIидовалъ ва кIудада ГIабдулкарим МухIамадсагIидовас. Муниципалитеталъул нухмалъулес баркала загьир гьабуна Асиятил эбел-инсуе ясалъе кьураб тарбиялъухъ ва гьарана сундулъго цебетIей.

МухIамадрасуловалъе гьединго «Расул ХIамзатов лъималазул бадисан» абураб ТIолгороссиялъул акциялда хасаб приз щун букIана. Чанго нухалъ гьей бергьана диниял асарал рициналъул къецазулъги.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

**НОМЕРАЛДА РУГО:**



ГIабдула Ибрагьимханов – бакълъулазул цIияв имам

- 2 гьум.



«Нусго соналдасан тIадвуссана дун»

- 2 гьум.



«ХIамзатовасул цIалиял»

- 2- гьум.



ЦIаналъа Сайгидсалим Сайгидсалимов пачалихъияб шапакъаталъе мустахIикълъана

- 3- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# ГIабдула Ибрагьимханов – бакълъулазул цIияв имам

### Диниял хIаракатчагIигун дандчIвана МухтарахIмад АхIмадов

**Бакълъул районалъул администрациялъул нухмалъулесул заместитель МухтарахIмад АхIмадов дандчIвана муниципалитеталъул цIияв имам ГIабдула Ибрагьимхановгун. Дандельиялда рорхана диниял лъайкьеялъул, цIиял гIелал куцаялъул, ВатIан бокьиялъул, гьанжесеб заманалъул квешлъабазда дандечIеялъул ва цогидал суалал.**



Ибрагьимханов ГIабдула ГIамирханович ккола Бакълъул районалъул ЧIиркъатIа росулъа. 1991-абилеб соналъ тIокIлъиялда лъугIизабуна гIагараб росдал гьоркьохьеб школа.

Динияб лъай щвана ХIасан Афандил (къ.с.) цIаралда Хьаргаби росулъ бугеб исламалъулаб институталда. СКИУялда тIокIлъиялда лъугIизабуна аспирантура, бакалавриат ва магистратура лъугIизабуна ДГИялда. ДРялъул Миннацалъул направлениялда рекъон Крымалда хIалтIана. Беларусиялда, Централияб Азиялъул хIукуматаздаги хIалтIана.

МухтарахIмад АхIмадовас гьарана ГIабдула Ибрагьимхановасе хIалтIулъ лъикIал хIасилал ва баян гьабуна бакълъулазул тIалъиялъ бажараб кумек гьабизе букIин рухIияб рахъ цебетIезе, диниял хIаракатчагIазул хIалтIи нухдаинабизе мурадалда.

Гьединго АхIмадовас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна цеве имамлъун вукIарав ГIабдулрашид ХIажиевасе. Гьанже гьев тун вуго МелъелтIа росдал имамлъун.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «Нусго соналдасан тIадвуссана дун»

### ХIамзат ГIизудинов – Расул ХIамзатовас нусго сон тIубаялъул хIурматалда Москваялда тIобитIараб тадбиралда

«Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчи, Александр Блокил премиялъул лауреат ХIамзат ГIизудиновас гIахьаллъи гьабуна Москваялда Расул ХIамзатовас нусго сон баялъул хIурматалда тIобитIараб «Нусго соналдасан тIадвуссана дун» абураб тадбиралда.

ХIамзат ГIизудиновас магIарул ва гIурус мацIазда рекIехъе цIалана Расул ХIамзатовасул кучIдул, дунялалъулго маданият цебетIезе классикас бахъараб хIаракаталъул бицана.

«Расул ХIамзатов – улкаби, континентал цолъизарулев инсан, махщел тIокIав шагIир. ГьитIинаб магIарул росулъ гьавурав гьесда дунялалъулго адабияталъул борхалъуде вахине бажарана.

Маданият – гIадамазул ракIал цолъизабулеб къуват. Александр Пушкинил, Расул ХIамзатовасул, Томас Маннил, Теодор Драйзерил асарал цIализе ккола нилъеца. Гьезул творчество буго инсаниятальул рухIияб бечелъи», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

Дагъистаналъул вакилас гьединго бихьизабуна Расул ХIамзатов гьавуралдаса гIасру иналъул хIурматалда биччараб «Гьудуллъи» журналъул хасаб номерги. «ГIорхъи гьечIеб гьунар, тIагIен гьечIеб пагьму букIана классикасул. Жиндирго халкъалъул, ВатIанасул хасли гьес бихьизабуна, батIбатIиял жанрал хIалтIизарун. Бечедаб мацIалъ хъварал, гьава-



ридаб магIна бугел гьесул асараздасан жакъаги пайда босула гIадамаз.

Грециялъул анкьго шагьар къацандана Гомерил ватIанлъун рукIине къваригIун. Лъилниги дагIба гьечIо Расул ХIамзатовасул ватIаналда тIасан. Гьев вуго цIадасев, хунзахъев, дагъистанияв, Россиялдаса. Живго шагIирасул рагIабазда рекъон, – «ЦIадаса кавказияв».

Амма Расул ХIамзатов гьавуна Бакълъуб Гьарадирихь, эмен имамлъул хIалтIула вукIарав росулъ. Гьеб росулъа рахьдал яцалъе сайгъатал гьарулаан шагIирас. Нилъеца жеги цIикIкIун кIвар буссинабизе ккола Расул ХIамзатовасул асарал цIализе. Гьесул творчествоялъ инсан лъикIалдехун гьетIизавула, рухIияб рахъ бечед гьабула, ракI бацIцIад гьабула», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

Расул ХIамзатовасул яс ПатIимат ХIамзатовалъ баркала кьуна ГIизудиновасе инсул кучIдул рицаралъухъ ва гьесда хурхун гьабураб чIагояб кIалъаялъухъ.

Сценаялдасан, халкъияв шагIирасул бицун, гьединго кIалъазе рахъана АСПИРалъул нухмалъулев, хъвадарухъан, Россиялъул Госдумаялъул депутат Сергей Шаргунов, «Литературияб Дагъистаналъул» бетIерав редактор Мурад АхIмадов, шагIир Индира Зубаирова, Расул ХIамзатовасул яс ПатIимат ХIамзатова, таржамачи Наум Гребневасул вас Михаил Гребнев, Башкириялъул халкъияв шагIир Мустай Каримовасул яс Альфия Каримова ва цогидал.

Расул ХIамзатовасул рагIабазда кучIдул ахIана Самаралъул духовияб оркестралъул артистаз.

**«Гумбет»
информациялъул гIуцIи**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «ХIамзатовасул цIалиял»

### КучIдул рициналъул гьунар бихьизабуна

**Бакълъулазул районалда «ХIамзатовасул цIалиял» абураб кучIдул рициналъул къец тIобитIана. Тадбир гIуцIун букIана муниципалитеталъул лъайкьеялъул управлениялъул дандерусиназул кIалгIадухъ. БатIибатIиял росабалъа 1-11-лел классазул цIалдохъабаз гIахьаллъи гьабуна къецалъулъ.**



Гьадинал хIасилал ккана конкурсалъул. 1-4 классазда гьоркьоб бергьенлъи щвана ЦIаналъа росдал школалъул цIалдохъан Ясмина МутагIиловалъе, кIиабилеб бакI босана 1-себ классалъул цIалдохъан Макка ВалихIасановалъ (Игьали росу), лъабабилеб бакI щвана 2-леб классалъул цIалдохъан ПатIимат Нуцалхановалъе (МелъелтIа росу).

5-7-лел классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ЛъаратIа росдал гьоркьохьеб щколалъул 7-леб классалъул цIалдохъан ПатIимат ГIисаева, 6-леб классалъул цIалдохъан МухIамад АхIмадов (ТIад Инхо), 6-леб классалъул цIалдохъан Хадижат Назирова (МелъелтIа росу), 7-леб классалъул цIалдохъан Марям ГIабдулкаримова (Гьоркь Инхо).

КIиабилеб бакI щвана 7-леб классалъул цIалдохъан Марям Нуцалхановалъе (МелъелтIа росу), лъабабилеб бакI босана Загьра Ибрагьимовалъ (ЧIиркъатIа росу, 7-леб класс).

8-9-лел классазда гьоркьоб бергьана Ингишо росдал гьоркьохьеб школалъул цIалдохъан Хьандулай СайгидмухIамадова, кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана МелъелтIа росдал аслияб школалъул цIалдохъан Равзат УхIумагIалиева ва ЧIиркъатIа росдал гьоркьохьеб школалъул цIалдохъан ПатIимат Ибрагьимханова, лъабабилеб бакI щвана ГIайшат АхIмадиновалъе (Гьоркь Инхо, 9-леб класс).

10-11-лел классазда гьоркьоб бергьенлъи босана Махружат Расуловалъ (Ингишо росу, 10-леб класс) ва ГIашура Абакаровалъ (МелъелтIа росу, 10-леб класс). КIиабилеб бакI щвана Гьоркь Инхо росдал гьоркьохьеб школалъул цIалдохъан Асият МухIамадрасуловалъе, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Аминат Сайпудинова (Гьарадирихь росу).

Бергьенлъи босарзе ва къиматал бакIал щваразе Бакълъул районалъул лъайкьеялъул управлениялъул хIурматалъул грамотаби кьуна.

**«Гумбет»
информациялъул гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# ЦIаналъа Сайгидсалим Сайгидсалимов пачалихъияб шапакъаталъе мустахIикълъана

**Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, лъелал аскаразул отделениялъул командир, Бакълъул районалъул ЦIаналъ росулъа Сайгидсалим Сайгидсалимов мустахIикълъана «БахIарчилъиялъухъ» медалалъе. Гьесие шапакъат кьеялъул амруялда гъулбас гьабуна Россиялъул нухмалъулев Владимир Путиница.**

Сайгидсалимовас Россиялъул Минобороналъулгун контракт хъвана 2019-абилеб соналъ. Муниципалитеталъул бетIер ГIалип ГIалиповас ВатIан цIунулесда баркана шапакъаталъе мустахIикълъи, гьарана гьесие бергьенлъигун тIадвуссин.

**«Гумбет»
информациялъул гIуцIи**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна.
Игьалиса Чупалав
№ 38 2 октябрь 2023 с.

СПОРТ ВА БАКЪЛЪУЛАЛ

# Эркенаб гугариялъул церехъаби кIодо гьаруна

## ЧIиркъатIа бугеб ДЮСШялъ хIалтIул хIасилал гьаруна

**Бакълъул районалъул ЧIиркъатIа росулъ бугеб ДЮСШялъул тIалъиялъ 2022-2023 с.с. эркенаб гугариялъул рахъалъ хIалтIул хIасилал гьаруна. Гьедин, лъикIал хIасилал рихьизаруна: АхIмад Сайгитовас, ГIабдула МусахIажиевас ва МухIамад АхIмадовас (Гъоркь Инхо росу, тренер – ГIумар ГIабдулгъаниев), МухIамад МухIамадовас ва АхIмад Шарапудиновас (ЧIиркъатIа росу, тренер – ГIабдула ГIабдуразакъов), АхIмад Жамалудиновас, ГIаликъади Лабазановас, МухIамад МухIамадовас ва СагIидбег Ибрагьимовас (Игьали росу, тренер – Шамхал Ибрагимов).**



**ДЮСШялъул директор Шамил МухIамадбакировас ва гьесул спортивиялгун гIаммал тадбирал тIоритIиялъул рахъалъ заместитель ГIабдулхаликъ Шихшалаевас баркала загьир гьабуна тренеразе ва спортсменазе, гьарана гьезие нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби, сундулъго цебетIей, кьуна хIурматалъул кагътал ва гIарцулал сайгъатал.**

Гьединго тренеразе ва гIолилал спортсменазе баркала кьуна Бакълъул районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул комитеталъул нухмалъулев МухIамад МухIамадгIалиевас.

Тадбиралъул ахиралда киналго спортсменаз ва тренераз цадахъал тренировкабиги гьаруна. Абизе ккола Бакълъул районалъул тIалъиялъ кIудияб кIвар кьолеб буго районалда спорт цебетIезе шартIал чIезариялде.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ЗИГАРА

# Алжан насиблъаги



**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас зигара бана тАргъвани росулъа сахаватчи ХIажи ХIажиевасде, эмен гIумруялдаса ватIалъиялда бан.**

**«ХIурматияв ХIажи ХIажиявович, Бакълъул районалъул гIадамазул, муниципалитеталъул администрациялъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъулаб зигара балеб буго, эмен гIумруялдаса ватIалъиялда бан. Нилъ киналго Аллагьасдасан руго, Гьесде руссине рижаралги руго.**

**Нужее халатаб гIумругун сабру кьеги, инсуе алжан насиблъаги», - ян хъван буго зигаралъул кагътида.**

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

СТРАНА ГОР

# Участник СВО артиллерист Юсуп Нурмагомедов из села Игали получил государственную награду

**Юсуп Нурмагомедов из села Игали Гумбетовского района подписал контракт с Минобороны России в 2018 году.**

В спецоперации по денацификации и демилитаризации Украины Юсуп Нурмагомедов принимает участие с первых дней. За подвиги, совершённые в ходе СВО, Нурмагомедов награжден Знаком отличия ордена Святого Георгия – Георгиевским крестом IV степени. Указ об этом подписал Президент России, Верховный Главнокомандующий Вооружёнными Силами РФ Владимир Путин. Морской пехотинец Каспийской флотилии Военно-морского флота России Нурмагомедов освобождал населенные пункты Запорожской области от неофашистов, вносит свой вклад в защиту Новороссии от бандеровцев, поддерживаемых коллективным Западом.

Глава Гумбетовского района Галип Галипов поздравил Юсупа Нурмагомедова с получением государственной на-



грады, пожелал крепкого здоровья, только побед и всех благ. Отметим, что Нурмагомедов Юсуп Магомедович родился в селе Игали Гумбетовского района, окончил Игалинскую среднюю школу. Он является гордостью села, родной школы, района, республики и страны. Более 60 выпускников Игалинской школы стали участниками СВО, они удостоены государственных наград. Глава Гумбетовского района Галип Галипов уделяет большое внимание вопросам патриотического воспитания подрастающих поколений. #Россия #МойДагестан #Гумбетовскийрайон #Своихнебросаем #ГумбетовцынаСВО #Каспийскаяфлотилия #Дагестан #ЮсупНумагомедов #Игали #Гумбетпатриотический #ЗащитникиРодины #Мывместе #Героиснами #Победилифашизмпобедимминеофашизм

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Галип Галипов: «Призываю вступить в ряды добровольческого батальона "Каспий"»

**Глава Гумбетовского района Галип Галипов прокомментировал формирование в Дагестане добровольческого батальона «Каспий». «Глава Республики Дагестан Сергей Алимович Меликов анонсировал создание добровольческого батальона «Каспий».**

«По инициативе ряда об-




щественных объединений в нашей республике формируется добровольческий батальон "Каспий"», – отметил глава Дагестана. Призываю вступить в ряды добровольческого батальона «Каспий». Гумбетовцы всегда были храбрыми защитниками Отечества и сейчас продолжают эту славную традицию предков. Десятки гумбетовцев получили государственные награды за подвиги, совершённые в ходе СВО на Украине. Жители района отправили бойцам СВО свыше 20 тонн гуманитарной помощи. Семьи защитников Отечества окружены вниманием и заботой. Члены семей воинов СВО трудоустраиваются, получают крупные суммы на реализацию проектов в рамках «Социального контракта».

Социальный статус семьи контрактника высок, государственная поддержка для наших защитников Отечества будет увеличиться и расширяться. Сами защитники Родины получают пакет государственной помощи, пользуются льготами. Для вступления в добровольческий батальон «Каспий» контракт можно заключить на срок от 6 до 12 месяцев. Контрактники будут получать ежемесячную зарплату от 195 тысяч рублей, им перечислят региональную выплату в 125 тысяч рублей. Дети контрактников будут зачислены в садики и вузы вне очереди. Защитники Отечества, контрактники – это герои нашего времени, Родина гордится Вами», – подчеркнул глава Гумбетовского района Галип Галипов. #Россия #ГумбетовскийРайон #СтранаСолнца #МойДагестан #Дагестан #Странагор #Гумбет #ГалипГалипов #БатальонКаспий #Гумбетовцы

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# В Гумбете активно идёт работа по иммунизации детского и взрослого населения против гриппа

**В Гумбетовском районе проходит прививочная кампания от гриппа.**

Врач-эпидемиолог Гумбетовской ЦРБ Апанди Сулейманов привился от гриппа на базе районной поликлиники, личным примером показав необ-



ходимость принятия участия в иммунизации. Как сообщили представители ЦРБ Гумбета нашему сетевому изданию, грипп, как острое инфекционное заболевание, может поражать как верхние, так и нижние дыхательные пути.

Он проявляется выраженными симптомами интоксикации и может привести к различным серьезным осложнениям, включая летальный исход. Отмечается, что особенно тяжело грипп протекает у детей первого года жизни, детей с хроническими заболеваниями, пожилых людей, людей с сахарным диабетом, сердечно-сосудистыми заболеваниями, хроническими бронхо-легочными заболеваниями и т. д. #Россия #Гумбетовскийрайон #СтранаСолнца #МойДагестан #Дагестан #Странагор #Гумбет #ГалипГалипов #ПрофилактикаГриппа #ЦРБГумбета #ПоликлиникаГумбета #Гумбетовцы #ЗОЖ

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Хочешь газ – подай заявку!

**Жители газифицированных населенных пунктов могут подать заявку на бесплатное подведение газа до границ своего земельного участка.**

Мероприятия в пределах границ земельного участка (строительство сети газопотребления, приобретение и установка газового оборудования, прибора учета газа и т.п.) заявители оплачивают сами.

При этом газ должен использоваться для личных, семейных, домашних и иных нужд, не связанных с предпринимательской деятельностью.




Подать заявку на догазификацию можно:

• в клиентских центрах газораспределительных организаций;

• на сайтах газораспределительных организаций;

• на портале Единого оператора газификации Российской Федерации - connectgas.ru;

• в офисах МФЦ;

• через портал Госуслуги.

Подробнее о программе можно прочесть на сайте компании ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» перейдя по активной ссылке https://mkala-mrg.ru/news/novosti/dogazifikatsiya--voprosy-i-otvety-vse-chto-nuzhno-znat-o-dogazifikatsii/

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Женсовет села Цилитль исполнил гимн Дагестана на слова Расула Гамзатова

**Представители Совета женщин села Цилитль Гумбетовского района в рамках празднования столетия народного поэта Дагестана Расула Гамзатова исполнили гимн Дагестана на слова народного любимца.**

Как отметила председатель цилитлинского женсовета Эльмира Зайнодинова, в праздновании векового юбилея Расула Гамзатова жители поселения на протяжении года принимают активное участие.

«Творчество Расула Гамзатова – удивительное явление. Его давно уже нет с нами, но труды аварского поэта не теряют актуальности по сей день. Каждый раз, перечитывая произведения Гамзатова, находишь для себя нечто ценное. Его произведения затрагивают душу и разум», – отметила Зайнодинова. #Дагестан #Гумбетовскийрайон #ПоселенияГумбета #Цилитль #СтолетиеРасулаГамзатова #Расулигумбетовцы #Странагор #Странасолнца #ЧитаемРасула #Гамзатовскиечтения #ЖенсоветГумбета

**РИО «Гумбет»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## В Гумбете проходит оперативно - профилактическая операция «Нелегал 2023»

**«Уважаемые Гумбетовцы!**

**В период с с 02 по 08 октября 2023 на территории района проводится комплексная оперативно-профилактическая операция под названием «Нелегал 2023».**

Целью мероприятия является выявление и пресечение нарушений миграционного законодательства, пресечение незаконной миграции, а так-же предотвращение преступлений террористического и экстремистского характера со стороны иностранных граждан и лиц без гражданства.

В связи с изложенным отдел МВД России по Гумбетовскому району убедительно просит жителей района обо всех известных им случаях использования в трудовой деятельности услуг иностранных работников, а также необоснованного (не¬законного) нахождения на территории Гумбетовского района иностранных граждан, подозрительных лиц, сообщать по телефону: 8 (8722) 99-69-12», - сообщает ОМВД России по Гумбетовскому району.

**Начальник ОМВД России по Гумбетовскому району М.А. Магомедов**

СТРАНА ГОР

## В Дагестане введен запрет на использование беспилотных летательных аппаратов

**В республике ввели запрет на применение беспилотников. Глава Дагестана Сергей Меликов подписал Указ об ограничении использования беспилотных летательных аппаратов на территории региона.**



Согласно документу использовать беспилотные летательные аппараты разрешается лишь госструктурам и организациям, выполняющим государственный оборонный заказ.

«Запретить использование беспилотных летательных аппаратов на территории Республики Дагестан, за исключением беспилотных летательных аппаратов, используемых в рамках возложенных полномочий федеральными государственными органами, государственными органами Республики Дагестан, органами местного самоуправления муниципальных образований Республики Дагестан и подведомственными им организациями, а также организациями, выполняющими государственный оборонный заказ...», – говорится в Указе.

Запрет действует до снятия режима (уровня) базовой готовности, введенного Указом Президента РФ в октябре 2022 года.

Несанкционированный запуск беспилотников является правонарушением и влечет за собой административную и уголовную ответственность.

Отметим, что ранее 65 регионов России уже приняли аналогичные ограничения. В различных субъектах страны запреты на беспилотники ввели из разных категорий.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## В Дагестане появится военный учебный центр на базе ДГТУ

**МАХАЧКАЛА, 28 сентября – РИА «Дагестан». На базе восьми российских вузов будут открыты военные учебные центры, сообщает пресс-служба Минобрнауки России. Один из таких центров создадут на базе Дагестанского государственного технического университета.**

Работу по созданию военных учебных центров ведет Минобрнауки РФ совместно с Минобороны РФ с 2021 года. С учетом 8 новых ВУЦ общее число таких объектов возрастет до 128 и охватит 75 регионов страны.

Среди основных задач центров – проведение военной подготовки, воспитательной работы и военно-профессиональной ориентации молодежи.

В сообщении министерства говорится, что военные учебные центры создаются на базе университетов для подготовки жащих замещению офицерами, после получения высшего образования. На сегодняшний




офицеров, сержантов, старшин запаса, а также для прохождения службы по контракту на воинских должностях, подлежащих замещению офицерами, после получения высшего образования. На сегодняшний день в них обучаются порядка 57 тысяч человек.

**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.